

18 desanm 2025

Chè fanmi,

Pandan n ap apwoche nan fen ane 2025 la, mwen vle remesye w dèske w fè pati Lekòl Leta Vil Nouyòk (New York City Public Schools, NYCPS) epi poutèt ou fè nou konfyans avèk aprantisaj ak pwogrè pitit ou yo. Se yon responsablite nou pran trè serye—epi se yon responsablite nou ka atenn sèlman avèk kolaborasyon chak grenn nan nou.

Ane sa a, nou te travay ansanm pou limen etensèl kiryozi ak aprantisaj anpwofondè atravè lekòl nou yo. Avèk NYC Reads ak NYC Solves, nou te asire nou elèv atravè vil la resevwa bonjan kalite literacy ak enstriksyon matematik. Avèk travay Student Pathways nou an, N ap prepare elèv pou karyè nan domèn ki gen anpil demand tankou teknoloji ak swen sante. Epi avèk inisyativ NYCPS Cares nou an, n ap sipòte ni timoun lan okonplè ni fanmi an annantye.

Travay sa a ankonnfòmite avèk twa angajman prensipal mwen te pran lè m te vin Chanselye pou premye fwa, angajman pou kreye anviwònman pou aprantisaj ak pwogrè anpwofondè: 1) asire sekirite ak ankouraje byennèt, 2) ranfòse sipò global pou pwofesè, ak 3) ankouraje ranfòsman kapasite fanmi ak kominote. Mwen gen anpil rekonesans pou lidè lekòl, edikatè ak estaf nou yo ki travay di nan fè angajman sa yo vin reyalye nan kominote lekòl nou yo.

Nou wè pwogrè reyèl kòm rezilta. Prentan pase, konpetans nan lekti ak matematik te rive nan nivo ki pi wo nan plis pase dizan. Depi 2022, elèv te fè plis pase 30 milyon dola nan patisipe nan aprantisaj ki baze sou travay tankou estaj ak aprantisaj metye. Epi nan ane pase, apeprè 3800 fanmi ki bay tan yo kòm volontè te enskri pou te vin Lyezon fanmi, pou ede lòt fanmi jwenn aksè nan resous ak sipò. Pou jwenn yon rezime konplè pwogrè nou yo, tanpri ale sou sitwèb nou an: schools.nyc.gov/NYCPSProgress.

Kòm Chanselye ak kòm yon paran lekòl Leta Vil Nouyòk (NYCPS), mwen remèsye w pou kolaborasyon w, epi m ap swete w yon sezon fèt agreyab. Pandan n ap avanse nan nouvèl ane a, mwen gen konfyans jèn timoun nou yo pral kontinye pwogrese ak reyisi.

Avèk rekonesans,



Melissa Aviles-Ramos
Chanselye